Соколёнок

# Лачен

5/2022

сентябрь – октябрь

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХІУКУМАТАЛЪ КІИ-КІИ МОЦІИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



# Дагъистаналда кIодо гьабуна «ХъахIал къункърабазул» байрам



Расул ХIамзатов

## Къункъраби

Дида ккола, рагъда камурал васал
Кирго рукъун гьечIин, къанабакь лъечIин.
Доба борхалъуда хъахIил зобазда
ХъахIал къункърабазде сверун ратилин.

Гьел иххаз, хаселаз, халатал саназ
Нилъее салам кьун роржунел руго.
Гьелъин нилъ пашманго, бутIрулги рорхун,
Ралагьулел зодихъ щибаб нухалда.

Боржун унеб буго къункърабазул тIел,
Къукъа буго чIварал гьудулзабазул.
Гьезул тIелалда гъоркь цо бакI бихьула —
Дун вачIине гьаниб къачIараб гурищ?

Къо щвела, борхатаб хъахIилаб зодихъ
ХъахIаб къункъра лъугьун дунги паркъела.
Гьелъул гьаркьидалъул ракьалда тарал
Киналго нуж, вацал, дица ахIила.






Расул Гамзатов
Открытие Бюста
27 Августа 2014
парк "Махачкала"
Ялова - Турция
11
фестиваль Кавказской музыки и танца
25–31 Августа 2014


ТЕАТР ПОЭЗИИ
1923-2023




## Бече

Чед бихьарабго бече
Бекерун данде щола.
Давудица, чедги кьун,
Ругьун гьабун буго гьеб.
Азбаралда берцинаб
Бече басандулелъул,
Дунги Давудги руго
Рохун гьелъухъ ралагьун.



## БурутI

КIургIараб катIаридул
БурутIги хадуб гьабун,
Хадижат тIаде щвана,
ТIадмагъилъа ячIарай.
Ясалъ, бурутIиги цIун,
БуртIие лъин бачIана,
Ма, месед, гьекъейилан, –
Къечон батилин мунан.



## Кету

Баба ягъулей йиго,
Дада гаргалев вуго,
Гордухъ бегараб кету
Буго дида ракI гурхIун.

ГьитIинаб гъадринибе
Дица гьелъий рахь тIуна...
Рахьи катийги гьабун,
Гьелда дица къвал бана.

## БуртIинкилищ

Рагьана квер... Кверaлда
Килщал, щуго батIияб:
БуртIинкилищ бихьула
БетIер гIадинан гьезул.

## Балъголъи

– Баба, баба ва баба,
Балъголъи лъала дида.
– Дуда кинаб балъголъи
Лъалеб, дир вас, бицея?
– КIийилаб щола дие
Дарс лъазе гьабичIони.

## ЦIулал чу

Дица цIулал чуялда
ЩIал кьабуна, кьуричIо,
ЧIаралъубго хутIана,
БетIерцин гьелъ борхичIо.
ЧIагояб, бекерулеб
Чу бокьун буго дие.

## Милъирщо

Милъирщоялъ, щобда чIун,
Щобил бакъан бачуна,
Чурун щубалъ куркьбалгун,
Ракьалда боржанхъула.
ХъахIил зобазде бахун,
Их щванилан ахIула.

## Барщи

Гьудулгун барщун вуго,
Щоларо дида макьу.
Кида рогьунеб сордо
Рекъел гьабизе ине.
Гьудуласда къвалги бан,
КъватIиве вахъина дун,
Данде ккаралщинаца
Салам кьела нижее.

## ХIамаги гамаги

Росулъ букIуна хIама,
Буго ралъдада гама...
ЦохIо хIарп хисиялъул
ХIикмат бихьулищ, лъимал.





## Къалиги Къадиги

– Къади, Къади ва Къади,
Къали бихьичIищ дуда?
– Къали дица кьабила,
Кьурди дуцаго гьабе.

# ГьитIинав вехь



МагIарда гIияда
ВукIуна ГIали,
ГIалахалда гIемер
Сверула ГIали,
ГIадада гурелъул
Гьесда абулеб
ГьитIинав вехьилан
КIудиял чагIаз.

Гьав вихьидал гьаби
Кьерда чIун руго,
БуртIалги кьагIиги
Кьурдулел руго...
ГIазу балелъулги,
ЦIад балелъулги
ГьитIинав вехь вуго
Инсуда аскIов.

# ГъветI

Ахикь гъветI чIолев вугев
Гъайирбегихъ валагьун,
Гьимана кIудада,
КIудияб гIегийин гъветI.

...Гъайирбегил пикрабалъ
ГъветI кIудияб гIун ана,
ГIеч буго гьелда барщун,
Бищунго тIагIам бугеб.

ТIаде рачIунел руго
Росуцоял цо-цоккун,
«Цо гIеч кье, Гъайирбегин,
Цо диеги кьейилан».

Киназего гIолеб гIеч
Бижун буго гъотIода,
ГъветI кIудияб гIун буго,
БитIахъе миккигъветIлъун.

# Сурат

Сваквалей гьечIо Сарат,
Бахъулеб буго сурат.
Сураталда буго хIинчI,
АскIоб буго хIанчIил тIинчI.
Абуна Саратица,
Сурат бахъун лъугIидал:
– Гьаб хIинчI дир баба йиго,
Дунги гьелъул тIинчI йиго.





## СагӀат

Кумекалъе кватӀуге
Киданиги, СагӀадат.
Дадаца дуй босана
Меседил кьераб сагӀат.

Гьаюраб къо баркулеб
Буго цӀакъ лъикӀаб гӀадат.
...Йохун йиго СагӀадат,
Бокьана гьелъий сайгъат.

## Куйдузул рагъ

Куйдул рагъулеб мехалъ
Гъурилин ккола лълъурдул.
ДандречӀчӀулеб лахӀзаталъ
Рекилин ккола бутӀрул.

Амма, рагъ лъугӀарабго,
Лълъурдузе щибго ккечӀо.
ЧӀухӀун рорхун бутӀрулгун,
Куйдул рахъ-рахъалъ ана.

## ГӀака

ГӀужда яхъун ГӀайишат
ГӀака бечӀчӀулей йиго,
ГӀали цӀакъ гӀажаибго
Гьелъухъ валагьун вуго:
– Унго, кин хӀинкъуларей
ГӀайишат гӀакдадаса,
Гьеб цӀакъ кӀудияб буго,
Лълъурдул бегӀерал руго.

## Нур

Анкьго кьер цолъараб нур
МугӀрузда тӀад чӀун буго.
ХӀикматаб гьелъул сипат
Сверухъ тӀибитӀун буго.

Берцинаб нур бихьидал
Нуридин чӀухӀун вуго,
Дир цӀаралъул байбихьи
Бугин гьадаб нурилан.

## Сухъмахъ

Цебе-цебе сухъмахъги,
Хаду-хадув Расулги,
Росулъе унеб нухда
ДандчӀвана маркӀачӀуда.

Сухъмахъаца рахъарал
Рахъал руго магӀарухъ,
МугӀрузде рахун унел,
ГӀурухъе рекерулел.

АхӀи бала сухъмахъалъ:
– Нахъа хутӀуге, Расул,
Росулъе щвезе ккола, –
КватӀизе бегьуларо.

Расул свакавалев гьечӀо,
Сухъмахъ гӀедегӀун буго,
ГӀемераб мех баледе
Росулъе щвана Расул.



## Яцал

Буцараб ханжуялда
Гиргидана герело,
Гаргарги тун, ПатIимат
Гурга гьабулей йиго.
ХIаписат, хIинкъичIого,
ХIанкъва гьабулей йиго...
Гьединал яцал руго,
Реццалъе мустахIикъал.



## ТоргIо

ТоргIо гургинаб буго,
Гирун, гирун уна гьеб.
Гьеб кквезе векерулев
Карим хадув гъоларо.

АхIана васас Гороч:
– Гирун унеб торгIо ккве!
Таращ бекерун ана,
Ккун торгIогун бачIана.

## Суал

Сураталдеги къулун,
Гьикъана Къасумица:
– Бице, гьаб сураталда
Вугев вас щив, кIудада?

Гьев дун вуго, дадал вас,
Дуда лъачIищ кIудада?
– КIудада кинан лъалев,
КIудияв гIун вуго гьев.



## ГIайиб

Гъадаро бортун ана,
ГIодоб речIчIун бекана.
ГIалида гIайиб гьечIо
ГIайиб – гъадароялда.

Гамачl цIорода щвана,
ЦIорол горду гъурана.
ГIали гIайибав гьечIо,
ГIайиб буго ганчIида.

Бече гъезе витIарав,
Гьебги билун вачIана,
ГIалида гIайиб гьечIо
ГIайиб буго бачида.

Кинаб гIайиб кканиги,
ГIалида гIайиб гьечIо...
ГIайибияв щивали
Лъалищ нужеда, лъимал?

## Муса Мухlамадов

# ЧIужIараб жIелеко

(хабар)

Школалда киналго къачIадулел рукIана тIаде щолеб бугеб Бергьенлъиялъул къоялде. Цоял къадал газета бахъулел, цоял багIараб ххамида тIад рахьдалъ билъараб мелалъ лозунгал хъвалел, цойгидал ВатIаниб рагъул гIахьалчагIазда бихьизабизе бугеб концерталде хIадурлъулел – цIалдохъабаздасан тIолго махщелчагIи дарсал лъугIун хадуб классалда хIалтIулел рукIана. Костюмалъул чантиниб кверги лъун, гьезда тIад сверулев, щивас тIадкъай кин тIубалеб бугебали валагьулев ункъабилеб классалъул староста Арбулиги вукIана. «ХIалчIахъад, ХIасан, печаталъ бахъараб гIадин буго», – ян веццулев вукIана гьес лозунг хъвалев вугев гурги-шуршинав цIалдохъан – гьитIинав художник.

– Гьасул кIудияв эменги гIачиязул мугъазда хьопалъ лъикI хъвадарулаан, – илан махсаро гьабуна гьарщараб хъахIаб мегежалъул школалъул хъаравулас.

– Берцингойищ хъвалеб букIараб, Ибрагьим?

– Берцинго хъваларебдай, пуланал гIачиязул хьалбазда, хIуртIа рахъарал нухал гIадал, гьетIа-кIичIарал мухъал рукIунаан. Гьедин, цо хIакимасул гIакдадаги хатI бачунилан чанго къо дос тунахърокъоб тIамураб...

Ибрагьимил хабар гьоркьоб къотIизабуна хехаб рилълъада жанахIалъуе кIанцIун ячIарай къадал газеталъул редактор Муслиматица. БагIараб ххамил чIалаз ахадасан бухьараб гьелъул кIиго гьитIинаб гъал каранде далун букIана.

– Арбули, дица мун валагьулев вукIана, – ян абуна гьелъ.

– Валагьизе дун гьанив ватилеблъи лъалаан гурищ дуда, – ян жаваб кьуна Арбулица.

– Гьеб лъараб мехалъха дун гьание ячIарай, – абун гьелъ Арбали довегIан вачана. Цинги гьесул гIинзукье, цойгидазда рагIилаfailредухъ, щибалиго щурана. Хадуб гьел кIиялго ХIасанихъ ралагьана. Арбулица бетIер гьанкIезабуна. Гьев Муслиматица абураб жоялда рази вукIин бичIчIулеб букIана лъималазда.

– Гьа, ХIасан, – иланги абун Арбули гьесда аскIове вачIана. – Клубалда рохалилаб данделъиялда ЦIадаса ХIамзатил бергьенлъи баркун гьабураб кечI цIализе дуда тIад къана.

ХIасанил берал разилъун рачIана.

– У...у... Щай бажарулареб? – илан жаваб кьуна гьес.

– Доб дурго къагIидаялъ цин борхизе, цин гIодобцине гьаракьги гьабун, гьадаб литкружокалда цIалараб гIадин? – илан аскIое ячIана Муслиматги.

Гьелъиеяли гьав ГъоркьколосаМахIмудидасаги цIакъав вуго, – ян велъана цояв.

– МахIмудида, цIар арав артист вукIиналъул, ХIасанида гIадин къалеб къан, цIалеб цIан кечI рикIкIинедай лъалеб? – илан цойгиясги ХIасание рецц-бакъ гьабуна.

ХIалихъе столалде тIаде гIунтIулев ХIасанги, лъалаго ворхалъун вачIанин кколаан.

– Вореха, гьитIинав чи, мехтизецин гурин гьеб рецц-бакъалъ, – абун гьимана Ибрагьим. Амма лъицаниги херасул гьел рагIабазул гIамал гьабулеб букIинчIо.

– Бергьенлъиялъул къоялъ трибуналдеги вахун, борхун цебе квергун, кинавалиго поэтасухъего ХIасаница ахIунго ахIун кечI



рикIкIунеб мехалъ, киналго гIенеккун чIана. КечI лъугIарабго чIвалеб хъатил гьаракь клубги цIун къватIибе кIанцIана. ХIасанил чIухIиялъе абуни гIурхъи букIинчIо. ЧIухIиларев щайха, гьесда рагIидал «гьадав заргIанасев чиясул гьунар бихьуларищ? – абун гIадамаз щурулеб куц; «Нужор вас вахъун лъурав артист вуго» – ян аскIор чIарал руччабаз гьесул эбелалдехун абулеб куц. Нахъияб къоялъ дандеккарал чIахIиязги баркулеб букIана ХIасанида, жидерго хIайранлъиги загьир гьабулаго. Бищунго божарав гьудул Сайгидица абуни воххиялъ къвал бана гьесда.

Гьеб лъугьа-бахъиналдаса хадуб ХIасан, цIубазего цIубачIел куркьбалги рорхун, гьаваялдасан вукIана. ЧIахIиязул рецц-бакъалъ мехтарав гьев къойидаса къойиде гIамал кIодолъун, гIажаибго чIухIун лъугьана. ГIиллаго гьечIого гIисинал инжит гьаризе, гIолилазда тIад велъизе, жеги жиндирго гьудул Сайгидиегицин буюрухъал кьезе лъугьана. Цо кIалъан кIиабизеги гьес «дун артист вуго! Дун художник вуго», – ян абун жиндиего рецц-бакъ гьабулаан. ГьетIизе бетIерги гьабун пахруяб рилълъингицин баккана гьесул.

ХIасанил гьеб чIухIдари чIалгIарал цIалдохъабаз гьанже гьев веццулароан, «балагье гьуралчIахIа вачIунев» абун махсароде ккун гурони.

Дарсаздаги дагь-дагьккун цIорона ХIасан. ХIатта учительзабазда данде дагIбадиялде бахана гьесул пахрулъи. Рокъовги барщаризе лъугьана.

– ГIадада холев вуго ХIасан, – илан абуна Муслиматица цо къоялъ учителасдехун. – Нилъеца роцадаса ун веццана дов. Роцада ва гIужда гьечIони, реццалъ мехтулин гьитIичан абураб Ибрагьим-кIудил рагIи битIараб букIун буго.

Ибрагьимил ригь букIана школалде рачIунеб нухда. Цо къоялъ ХIасанги, СагIидги, Хочбарги радалго гьеб ригьда цересан школалде унел рукIана. ЦIорораб гьорол хьурхьуриги букIана. Сверухълъи гIазуца бахчун букIана.

– Балагье, балагье херасде! – ян абуна Сайгидица, кавудал кIалтIа гьункIусида гIодовги чIун, къвалакьа къватIибе баккизабун хIелкил тIинчIгун, гIазуца гьелъул бетIер чурулев Ибрагьимиде кверги битIун.

– ВорчIами, Ибрагьим-кIуди!

– РорчIами, рорчIами, кIудил тIанчIи! – ян бетIер хьвагIезабуна херас.

– Гьеб щай чурулеб, Ибрагьим-кIуди? – абун гьикъана хIелкил тIанчIида гурхIарав СагIидица.

– БетIер сверун буго, дир лъимал, гьалъул, бигьинабизе къваригIун буго.

– Щиб алъ гьекъараб жогIаги? – абун гьикъана Хочбарица.

– Гьекъезейищ кколеб? ГIенеккун рихье: гьаб букIана бищунго хIелеко лъугьинесеб тIинчI. РоцIараб гьаракьги, гьуинаб бакъанги, битIун радакь бахъунаан, сагIат гIадин, зварзвариялда. Цинги бецциларищха цин дица, цин дир хералъ. Цойгидал тIанчIаздаса балъго беэдулаан, сахабщинаб тIагIамги кьун гIорцIизабулаан. Гьеб нижер тIалаб-агъазалъ мехтана пакъир. Бахъун чIухIдарана хIелкил тIинчI. Жиндасаго гьитIинал тIанчIазде куркьбиги рорхун хучун чIолаан, гIужго гуреб заманаялъ бахъун гIегIедун кIодо йорчIизаюн ятулаан. ТIокIаб жояли щай гурин, кIас-кIасиялда цо гогьаб рилълъингицин буго баккун. Гьалеха, бетIер цIорозабулеб буго, бигьинародаяли. ГIадада хвезехъин бугогури гьаб бакъаналъ къуркъудизе тани.

Лъимал цоцахъ ралагьана. ХIасан багIарлъун, хъахIлъун лъугьана.

Гьесул лазатхвейги бихьун, Ибрагьим-кIудица абуна:

– Вореха, дир лъимал, цо гьитIинаб гьунар гьабунилан, гьалмагъзабаз рецц-бакъ гьабиялъ чIухIуге. Гьеб хасго нужее, гьитIинал чагIазе, квешаб гIузруйин кколеб. Нужер гIумру жеги цебе буго, къо рагьалилъ буго. Сабруялда лъай босе, гIолилаз нужер хIурмат гьабигун, хIурматалдалъун бецIизе гIамал гьабе. Амма чIухIдарун гурони чIоларев гьудул лъугьани, гьаб хIелкил гIадин бетIер цIорозабе, – ян херас тIанчIил бетIер гIазуд чурана.

Лъабавго вас школалдехун ралагьун ана. СагIидги Хочбарги гьимулел рукIана. ХIасаница абуни, хIохькъотIун жиндирго багIарараб бетIералда квер хъвалеб букIана. Гьеб гьадаб хIелкил тIанчIилго гIадин, чIухIиялъ лъугьунеб букIин бичIчIана гьесда.




# „Дагъистаналъул нартав"

Доб букIана 1961 соналъул декабрь моцI. Буйнакск шагьаралъул Орджоникидзел цIаралда бугеб къватI къотIун кооперативный техникумалдехун унев дида данде бачIунеб гIалам бихьана. Тротуаразда бакIги гIечIого гIадамал рачIунел ругоан гIатIидаб къватI цIун, къотIизабун машинабазул хьвадигун. ЦIикIкIараб кIваралъул лъугьа-бахъин ккечIого гьедигIан гIемерал гIадамал данделъулареллъи бичIчIарав ва щибго лъазе бокьулев дун дагьалъ лъалхъана.

Данде рачIунезул цересел кьеразда ругел гIадамал гIемер нахъ балагьулел ругоан. Руккелалъул квегIаб ва кваранаб рахъазде ккаразул берал бакьулъе руссун рукIана. Киналго рази-ракиго, аваданго унел рукIана. Гьеб буго бачIинахъего дир бераз босараб сурат. Цинги халлъана халкъалда тIадвосун, гурулъа къватIиве вакkарав чиясул рачел бахун тIадехунисеб черх. Ва бичIчIана дол цересел кьеразда ругел нахъехунги, нахъехун ва хьалбалъан ругел бакьулъеги гьев чи вихьизе ралагьулел рукIин. Киназулго берзул









балагьи гьесде буссун бугеблъи. «ГІолохъабаз жидерго гъуждуздеги вахинавун, копое ваччулев ватила дов, гуревани додин ворхатго кин вукІинев», – абун ккана дида. Ва бачІана пикру: «Гьедин ворхатав чиго вугодай дунялалда» – ян.

ГІадамазул къокъа гІагарлъулеб букІана. Дунго гІадин ракІа-ракьанда чІаралги гъорлъе журалаго гІеблъулеб, биццалъулеб, кІодолъулеб букІана гьеб. Руккелалда цереги кІанцІулаго лъималаз ахІулеб букІана: «Досул чакмабазда чан килодай буго, досулгІан чІахІиял зарал анищ» – ан.

Лъималазул гьаркьазухъ гІенеккарав дун, аскІобе щвараб къокъаялъ къулчІарав гІадин, гІадамазда гьоркьове ккана, гьелгун ине лъугьана. ЛъутІ гІадин гьезда гьоркьов къарав дун цояз довасан цун, цогияз гьанисан цун руккелалъул бакьулъе, дов халкъалда тІад восун унев чиясда аскІове ккана. Дирго беразда божуларого хаган хутІана. Цо къокъав чиясул чорхол манзилалъ халкъалдаса ворхатав чи, лъилниги гъуждузде вахун гурев жиндирго бохдузда вахъун чІун вугоан. ТІамунго тІамун чІахІиял галабигун унев унго-унгояв, чІагояв нартав вукІана дида цеве. Гьес гали лъелалде лъабго гали тІамизе кколеб букІана гьесда хадур гъезе, гьебги цІакъ гІедерго. Цин цоясдехун, цинги цогияздехун щивасул цІарги абун, тІаса гІодове валагъун гьикъарулев вукІана гьев. Бихьулеб букІана гурулъ ругел гІадамазул гІемерисел гьесда лъикІго лъалел рукІин. Гьев лъаларев чи цониги вукІинчІо.

КватІичІого щвана базаралда жанире. Гьениб букІараб жо лъикІан цо бихьизе. БукІаралъуб бича-хисиги тун, бичулелги босулелги гурана кІудияв чиясда сверун. Гьевин абуни картошкаялъул багьа цІехезе лъугьана. Цинги цо чамалиго кило босана. Казияталъул къвачІинибеги бан, гьеб пальтоялъул кваранаб кисиниб лъуна. Дагьав довегІанги ун, гургурги босана. Добго куцалъ кагътилъги жемун, гьебги лъуна квегІаб кисиниб. Къаде квание гІураб жо щваниланги абун, киназего къолъикІги гьабун, живго рештІунеб бакІалде ана нартав. Гьев вукІана киназдаго лъалев, киназего вокьулев, гІолилазул рекІелав КІикІуниса ГІусман. Гьеб букІана ГІусманил цІар киса-кибего щун тІибитІараб, улкаялдаго гьев машгьурлъараб заман.




«Гьеб кинабго байбихьана гIемерал соназ цебе. Доб заманалда кIиго гьоко данде ккани аскIосан ине къанагIатаб, чIедараб мугIрул нухккун унеб букIана автомашина. Гьелда жанир рукIана МахIачхъалаялдаса магIарухъе рачIунел чIахIиял хIакимзаби. Цо сверуде щвედал нухда батана ххарил магьги баччун бачIунеб хIама. Нухлул рагIалдаги ракьандаги цун букIана гьеб. Гьединлъидал церехун ине ресги букIинчIо. Чарахун хутIарал нухлулазда тIаде щвана КIикIуниса ГIусман. Гьес, босун нухлул ракьанда бугеб гIеркъида тIад хIамаги лъун, машинаялъе нух кьуна. ХIакимзабаз гIолиласда киса-щиван гьикъана. Къалмица книжкаялда хъвайхъвагIайги гьабун, гьел ана».

Гьеб иш ккун гIемер заман иналде ГIусман ахIула МахIачхъалаялда тIоритIулел республикаялъулал къецазда гIахьаллъизе. Гьениб граната ва гамачI рехун тIоцебесеб бакI ккола. Квар цIцIазеги гьесда данде щолев чи ккечIеб мехалъ цо рахъалда анлъго чи тола. Гьел анлъгоялги хадур цIар цIияб бергьенлъиги щола ГIусмание. Гьеб соналъ КIикIуниса багьадур гIахьаллъула Пятигорск шагьаралда тIобитIараб колхозалъулгун совхозалъул спартакиадаялда. Гьенив гамачI рехизе гьесде вахунев чи ккечIо ва спартакиадаялъул чемпионлъун вахъана. КIиго метрагун 7 см. борхалъи ва 150 кг. цIайи бугев ГIусман ахIула Москваялде. «Нилъ-квартIа» заводалда хIалтIизе лъугьана, гьебго заманалда гугаризе ругьун гьавула. 1936 соналъ ГIусман ГIабдурахIманов вахъуна Москва шагьаралъул чемпионлъун. Гьев дандчIвала доб заманалъул бищунго цIар бугел речIчIухъаби: Георгий Минаевгун, Иван Поддубныйгун,Климент Бульгун ва гIемерал цогидал гугарухъабигун. ГIемерисезда тIад ракIчIараб бергьенлъиги босула гьес.

КватIичIого ГIусман машгьурлъула киноартист хIисабалдаги. Гьес рорал хIала «Хазинадул чIинкIиллъи», «Лъимерлъи», «Богдан Хмельницкий» абурал кинофильмазда. Гьебго заманалда КIикIуниса нартав хIалтIула циркалда. Гьесие хьат чIвала Тбилисалъул, Новосибирскиялъул, Саратовалъул ва гIемерал цоги шагьаразул гIадамаз. Амма бищунго лъикI ГIусман къабул гьавулаан ракьцояз.

## Париза Гереева

# Гьеб талихI буго

Макьидаса йорчIидал,
ЙорчIамиян ахIулел,
ХIанчIазул бакъназул сас –
Гьеб дие талихI буго.

БетIер тIаде борхидал
Хинал бакъул чIораца,
Гьурмада бахъулеб квер –
Гьебги дир талихI буго.

Гьудулзабигун цадахъ
Росдал магъилъеги ун,
БетIараб тIогьол квацIи –
Гьебги дир талихI буго.

ХIасратай эбелалъе
Ихдалил байрам баркун
Дицаго ахIулеб кечI –
Гьебги дир талихI буго.



# БукIа абе нужее

Хасалоги тIегь бараб
Гьайбатаб гIолохъанлъи
БукIа абе нужее,
Хириял магIарулал.

Кьурабалъан чвахулеб
ИццгIан бацIцIадаб гIумру
БукIа абе нужее,
ГIагарал магIарулал.

КIкIалабахъан кIанцIулеб
Чанил гIадаб тирилъи
БукIа абе нужее,
РакI лъикIал магIарулал.

Гьаваялда боржунеб
ХIанчIил гIадаб эркенлъи
БукIа абе нужее,
Сабурал магIарулал.

# Лъимерлъи

Дида рикІкІине лъала,
Дида цІализе лъала,
Лъабго-ункъо батІияб
Кьурди гьабизе лъала.

Сурат бахъизе лъала,
КучІдул ахІизе лъала,
Лъидаса берцинго
Рукъ бакІаризе лъала.

Дие лъимал рокьула,
Гьезие дун йокьула,
Йохъ, букІинаро кибго
ГьудуллъигІан цІакъаб жо.

Бакъалдаса чІухІула,
ЧІахІиязе нух кьола,
Ракьалда батиларо
ЛъимерлъигІан цІакъаб жо!



# ГІадалаб кофта

Жакъа дица тІоцебе,
Лъилго кумек гьечІого,
Гьале, гурде ретІана,
Дихъа гьеб бажарана.

Амма гьалда маргъалал
Мекъса рукъун рихьула,
Хьибилалде ккун руго,
Нахъехун рукІунел жал.

Кофтаги ретІинаан
Къвалал ратулелани,
Тамаша, сон рукІарал
Жакъа кире тІагІарал?

БетІер ххолеб бакІ гьалда,
Балагье, кІиго буго,
Баба, хехго екере,
Кофта гІадаллъун буго!

# Щай мун гIодулев?



– Щай, Ислам, мун гIодулев,
– ГIодов ккана гьабсагIат.
– Бихьея унтараб бакI,
– Батуларо дида гьеб.

– Щайха цинги гIодулев
ГIолохъанчи гIурав вас?
– Дуда вихьичIевани
ГIодизе вукIинчIо дун.

Гьанже дий хабар бице,
Босун дие сникерс кье,
Кьабун гIодобгун бетIер
Бекизе рес букIанин.

Гьеб мехалъ цо сникерсалъ
Иш тIубазе букIинчIо,
ТIубараб тукен дуца
Дие кьезе букIана.

Щай мун ялагьун чIолей?
Щай конфет босулареб?
Вай! Бох унтулеб буго!
Вай! Чехь унтулеб буго!



## Шейит-Ханум Алишева

# НакIкIул чадир



Зобго бацизабун,
Лъедон щвана накIкI,
ЧIегIераб дугъ лъугьун,
Бигъун чIана накIкI.

ЧотIахъан кинигин
Бортана гьури,
Гьеб дугъ багь-багьилин,
Боржана гьури:
НакIкIул цIалкIинисан
Чваххун бана цIцIад.
Гьелъул кантилъасан
ГIодун тана цIцIад.

# ЧчугIигIин



ЧчугIигIиналда жаниб
Ралъад гьалдолеб буго,
ГIинда чIвай, гьениб дуе
Гьелчела карачелал:
Лълъадал щвари рагIила,
Гумузул хъуй букIина,
Раххнаца ххан рачунел
Русбузул сас бахъина.

# Жъабажъ

– Кьарач-хъабахъ, щайзе мун
Къояца бегун чІолеб?
Бакъукь хьалбалги роркьун,
Нижехъ балагьун бугеб?
ТІоноцІги багІарараб,
ГІарщалги рехъерхъараб:
– Ралагьея, лъимал дихъ,
Къали гІадаб дир чохьохъ.
Берцинаб кьер лъугьараб,
Кванaзе гъира ккараб.

# ХІамитІа рекІун

– КІудада, дуе къолъикІ,
Мунго тана. Дун ана
ХІамил хьалбалги лъухьун,
Гъалдиберaлда кІусун.
ХІама билълъунеб гьечІо,
Гьелда кьуризе кІвечІо.
Дун ццидаххунев вуго,
ХІама бацІулеб буго,
Чуриги ххерги кьунин,
Дур кІвахІаллъи кинабин!

Дунали лъелго ина,
Дуе гІадлу гьабила!
Мун рокъобеги къаге,
Кванaзеги бачІунге!
Гьа-а-а, дир хІамил хІетІе
ХІобода бухьун буго.
Дица хІетІе бичана,
ТІасалъугьин гьарана,
ХІама гІенеккун чІчІана,
ГІицІго бетІер хьвагІана.



*ЛъaрагІ мацІалдаса буссинабуна ГІ. Малачиевалъ*

# ХъантIарав

## (Кореязул халкъияб маргъа)

Цебе заманалда Алмасалъул мугIрузда гIумру гьабулев вукIанила кутакалда хъантIарав Пак абулев чи. Бихьанщинаб жо жиндиего хъамулаанила гьес, кигIан гIемер хъамизе щваниги, берги ракIги гIорцIулароанила гьесул.



Цо нухалъ гьес гъураб гудраца цакьу ккун батанила. Гьеб букIанила гIадатияб гуреб – меседил рас бугеб цакьу. ЦIакъ воханила Пак. ГьебсагIаталъго цакьу чIвазе къасд гьабунила гьес. Гьеле гьеб мехалъ инсанасул мацIалъ кIалъазе лъугьанила цакьу. КигIан бокьаниги меседги кьелин, жиб чIвагейилан гьаранила гьелъ.

– Дир квер хъварабщинаб жо месед лъугьинабе ва дида гурони гьеб босизе кIолареб хIалги гьабе. Гьеб мехалъ биччан тела дица мун, – ан абунила Пакица.



– Дуе гьедин бокьун батани, гьабила, – ян абунила цакьуялъ.

Бегьанила хъантIарав Пакица гудраде квер. ГьебсагIаталъ гудур меседил лъугьанила. Цакьуги биччан тун рокъове векеранила Пак. Рагьизеян кавуялда квер хъванила гьес – каву меседил лъугьанила. Рокъове щваравго, лъим гьекъезе, гел кодобе босанила. Гьебги меседил лъугьанила. Рахъанила тIаса башмакъал. Гьелги меседил лъугьанила. ГIодоб тIамураб турутцин, Пакица квер хъварабго, меседил лъугьанила.

Гьединаб бечелъиялъ гIадал гьавизе дагьав хутIанила Пак. Рокъоб жанибги азбаралъубги квер хъвачIеб жо гьес течIила. Вортанхъанила, векерахъданила. Сваканила Пак, вакъизеги вакъанила. Чадида квер хъварабго, чедги, хIанида квер хъварабго, хIанги – кинабго жо меседлъун лъугьанила. ХъантIарав Пакица пулавдул цIураб хьаг кодобе босанила. Квер хъварабго, меседалде сверанила хьагги пулавги. Вакъуца холев вугониги, кваназе рес букIинчIила гьесул. «Биччанте, – ян абунила гьес жинцаго жиндаго, – яхI гьабила. – КваначIого хутIаниги щиб, гьабгощинаб бечелъи бугеб мехалъ. Киналго рухIдаллъун ратила дида!»

ХIакъикъаталдаги рукIанила Пакил бечелъиялъ рухIдаллъизаруралги. Амма гьеб рухIдаллъи хехго лъугIанила.

ЩIакъго кьарияв вукIарав Пак хIалакълъизе, тIеренлъизе лъугьанила. КватIичIого ракьа-макьа хутIанила гьесул. Веганила хъантIарав Пак жиндирго цIорораб меседил бусада ва квачанги вакъунги хванила гьев.

***Буссинабуна А.ГIалиевас***



# Жанги хьитазул устарги



Цо пуланаб улка-ракьалъул ханасда чIалгIанила чIухIарал кIалгIабахъ гIумруги тIамун, гIадатиял гIадамаздаса рикIкIад чIун, рикIкIунел къоял. Гьесул къасд кканила жиндирго бераздалъун халкъалъул рукIарахъиналъухъ балагьизе ва жиндирго гIундузда гIадамазул рагIиги рагIун, гьезие гIолебги гIоларебги жо лъазабизе. Гьеб мурадгун, гIадатияв хIалтIухъанасул ретIелги тIад ретIун, хан цо сордоялъ шагьаралде сверизе анила. Дагь-дагьккун канлъиги ссун, сардил бецIлъукье шагьарги тIерхьараб, тIолабго халкъги кьижараб мехалъ цо рукъалъул гордухъ бакухъе чирахъги бугила, бухулеб жергъенги бугила, ахIулеб кочIол гьаракьги гьоркьоб къотIулебго гьечIила. Гьадин кватIараб сардил гIужалда, гIаламго макьиде буссараб мехалъ ихтилат-кепалда вугев чиги гьесул кIудияб рохелалъе ккараб гIиллаги лъазе бокьанила ханасе. Саламги кьун, гьев битIахъе доб рокъове лъугьанила, хважаинасулгун лъайхъвай гьабунила. ГIадатияв вукIаниги гьобол вачIиналдаса чIухIанила рукъалъул хважаин. Гьанжелъизегlан бухулеб букIараб жергъенги гIодобе рехун, резалъул саргъасалда къалиги кьабун, кьурдизе лъугьанила гьев. Хъат чIвалей йикIарай чIужуги яхъинаюнила гьес данде кьурдизе. ГIемераб мехалъ гьезухъ валагьунги чIун, ахирги ханас гьикъанила щиб рохелин гьеб рокъобе бачIун бугеб, щиб пишаялъул чагIийин гьедигIан аваданал хважаинзаби кколел абун.

Ихтилатги рохелги, кепги бугин нилъеца гьабуни букIунеб жоян жаваб кьунила хважаинас. Къад къоялъ хIалтIун щвараб гIарцухъ лъикIалдаса лъикIаб квен-тIеххги босун, щибаб сордоялъ гьабулин жинца гьадинаб аваданлъи. Зоб тIун бачIунеб бугони, гьеб тIад речIчIизегIанги ихтилаталда тIамизе кколин гIумруян гIакълаби кьезе лъугьанила гьев.

– Дур махщел щиб, кинаб пишаялъул чи мун кколев? – ан добго суал такрар гьабунила ханас.

– Хьитазул устар ккола дун, – ан биццанила гьес.

– Нагагь гьеб хIалтIудаса махIрумлъани нахърател бугищ рокъоб?

– Гьале дир нахърател, – анги абун жергъеналде килищ битIанила хважаинас.

– Жергъеналъ чед кьеларо дуеги дур хъизамалъеги, – ян лъугьанила хан.

– Гьедин ккани цо щиб букIаниги ургъила, – ян ургъелго гьечIого гьимгьидулев хважаинасе къо-лъикIги гьабун, хан диндирго кIалгIабахъе нахъвуссанила.

Хадусеб къоялъ ханас жиндир улка-ракьалда хьитазул устарасул пиша гьукъизе буюрухъ кьунила. Гьеб буюрухъ тIаде щведал щибгIаги пашманлъи лъазе течIила хьитазул устарас. Нахъе хутIараб хьвацIаги, лакайги, киналго тIагIелалги ричун цо кIудияб гIеретI босанила гьес. Лъугьанила лъарахъа лълъимги баччун, базаралда гьеб бичизе. Цебеялдасаги цIикIкIун гIарацги щун, гьелъухъ жеги тIагIамал нигIматалги росун, цере гьелги тIиритIун гьайтилан ихтилат-кепалда вугев гьасухъе нахъойги гьадавго гьобол вачIанила. Хважаинас кка-ра-таралъул бициндал, гьес суал кьунила:

– Лъим бичизе гьукъани гьадин кепалда мун хутIиладай? – абун.

– Гьедин ккани цоги батIияб иш ургъизе гурищ гьаб габуралъ бетIер баччулеб бугеб, – ан гьесги абунила, гьабураб гьоболлъиялъухъ баркалаги кьун, ханги нахъ вуссанила.

Дагьалго къояздасан улкаялда лъим бичизе гьукъанила ханас. Гьеб хабар рагIарав хьитазул устар лъугьанила жив къватIахъ гIадлунизамги рацIцIалъиги цIунизе тарав чи вугиланги абун, гIадлу хвезабурал чагIазухъа гIакIаби рахъизе. ГIадлу биххараб гьеб шагьаралда тIад гIакIа лъезе мустахIикъав гурони чиго вукIинчIила. Гьединлъидал лъикIалан гIарац щолеб букIанила хьитазул устарасе. Цебего гIадин щвараб жо кеп кIутIун хвезабулебги букIанила гьес. Живго жинцаго хъулухъалда тарасул хабар хехго ханасухъе щванила. Гьес жиндирго хъулухъчагIи ритIанила кIалгIаялда цебе бугеб бищунго чIухIараб майданалде рищни базе айилан. Ханас малъараб гьабулел гьел ругеб мехалъ тIаде рехун вачIарав хьитазул устар лъугьанила гьезухъаги гIакIа бахъизе. Ханасул чукъбуз чункулаго, жидехъа гIакIа бахъизе ккани мун щив чийиланги абун, вачун туснахъалде реханила хьитазул устар.

Нахъисеб къоялъ ханас гьев жиндихъего ахIанила. Шагьаралъул гIадлу цIунулев хъулухъчилъун хIалтIизе бокьилищан гьикъанила. ЦIакъ бокьилилан гьес абидал, моцIрое лъикIаб харжги чIезабун, тIад базе лъикIаб ярагъги кьун, хIалтIе гьанже дургоян витIанила ханас гьев.

Къоялъ гIакIаби къотIун щвараб гIарацги ханасул хазиначияс, ун чван-



тиниб щибго гьечIого хутIарав хьитазул устарас квана-гьекъолеб жоялъухъ хвалченги хисанила, кидаго гIадин ихтилаткепалда сордоги тIамунила. Нахъисеб къоялъ доб бичараб хвалчадул бакIалда долдаго релълъараб цIулал хвалченги гьабун, гьебги къохьол лъалиниб лъун ав хъулухъалде анила.

Хьитазул устарас хвалчен бичараблъи лъачIеб ххвелги гьабун ханас гьев жиндихъего ахIанила ва гьесда лъазабунила:

– КватIичIого гьаниве вачун вачIине ккола квешав, улкаялдаго цIар арав хъачагъ. Дир диванчагIаз гьесие чIвазе къотIун буго. Гьединлъидал буюрула дурго хвалчаца гьесул бетIер къотIе, – ян.

Гьанже хванин живан кканила хьитазул устарасда, жиндир цIулал хвалчаца бетIер кинанин къотIулебан ургъалилъе тIерхьанила. Буюрухъ тIубазабичIони живги ватIалъизе бегьулин жиндирго гIантаб бетIералдасайилан цIакъ къобухIараб хIалалде кканила гьев. «Щиб ургъунги гIадада хвезе чIеларо дун» – абун лъугьанила гьев сихIру ургъизе.

Анила цо сагIат. Анила цоги сагIат. Вачун вачIанила чIвазе къотIарав хъачагъ. Цин диванчагIазул хIукмуги цIалун, хIохьотIа бетIерги цузабун вугилаха гьанже гьев.

– ХIурмат тIадегIанав нижер падишагь, – абун ханасдехун вуссун кIалъазе лъугьанила хьитазул устар. – БетIер чIахъаяв хан, диванчагIиги чIагоял гIадамаллъидалха кколел. Гьезулги цо-цо гъалатI кколеблъиги кIочонге дуда. Гьев чIвазе къотIарав мискин-пакъирасда гьедигIан гIемерал мунагьал гьечIилан кколеб буго дида. Кколеб буго бетIерги къотIичIого гIумруялъ туснахъалда тезе мустахIикъав такъсирчи вугин гьеван.

– Сундалъун гьеб лъазе кIолеб? – ан кIалъанила хан. – Диеги бокьиларо мустахIикъаб гурони тамихI чиясе къотIизе.

– Гьаб дир рачлихъ борчараб хвалчада кIола гьеб лъазе. ЧIвазе мустахIикъав чиясул бетIер гьалъ сиртIан къотIула. Амма цIакъго цIикIкIараб такъсир гьабичIев чиясул горболъ кьабидал гьаб чарамул хвалчен цIулаллъун лъугьуна. Гьединаб хIикматаб хвалчен буго гьаб, – анги абун, бан биччанила хьитазул устарас хъачагъасул горболъ хвалчен. КIийиде бекун гьебги анила, вахIго, вахIин, хIикмат, гIаламатин гIаламги тамашалъун хутIанила.

Ханасул пикру кканила хьитазул устарасе, гьебго заманалда гьерсазулги устарасе тамихI гьабизе. Цинги бачIанила пикру кинаб хIалалде кканиги бицине рагIиги батулев, жиндиего чед балагьизе гIураб гIамалги ккевезе гьунар бугев гьев мискин-бахIарчи вижухъе вукIаян тезе. Цинги гьеб бакIалдаго ханас лъазабунила лъим бичиги хьитал рукъиги гьукъарал жиндир буюрухъал нахъе рахъанилан. Ва цIидасан хIалтIизе изну кьунила гьеб пиша кодосел устарзабазе. Бокьараб гьабулев вукIаян хьитазул устарги анила гьес нахъе виччан.



# Умумузул гІакълаби

***

**Бекьараб гурони, хуриса бачІунареб.**

***

**Гьарзалъиялъул эбел – захІмат, гьечІолъиялъул эбел – рахІат.**

***

**Нилълъ кьижараб мехалъги мегъ кьижулареб.**

***

**Нилълъеда ракь кІочон тани, ракьалда нилълъги кІочонел.**

***

**ХъущтІун рекьи гьабурас гьабихъ чІчІвагъ ххине кколеб.**

***

**ГІадамазго гІадин ракьалъги ретІуна ретІел.**





*Дагъистаналъул халкъияв шагIир ГIабасил МахIамадил 90 сон тIубай кIодо гьабулел –МахIачхъалаялда, Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб миллияб библиотекаялда ва Хунзахъ районалъул ЛъагIилухъ росулъ тIоритIарал тадбиразул гIахъалчагьи.*














Соколёнок

ISSN№0203 – 3682

# Лачен

5/2022

сентябрь – октябрь

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

**Учредитель:**
Агентство информации и печати Республики Дагестан.

**Регистрационный номер**
серия ПИ №ТУ05-00413 от 22.04.2019 г. выдан управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

**Руководитель – главный редактор**
М.М. Ахмедов

**Редколлегия:**
М. Ахмедов
М. Магомедов
К. Магомедов
А. Малачиева **(редактор выпуска)**
М. Абдулхалимов
Г. Хабибов

**Художественный редактор** З.Даганов
**Технический редактор** Т. Лузина
**Художник номера** М. Муталлибов
**На обложке** – «Пастушок», Екатерина Кондрашина, художественная школа г. Каспийска.

Формат 60x84 1/8.
Бумага офсетная.
Уч. изд. л. 3,03 .
Уч. печ. лист 3,26.

Выход в свет 04.10.2022 г.
Тираж 933 экз.
Заказ № 1281.

**Типография:**
ООО «Издательство «Феникс-пресс».
**Адрес типографии:**
367018, РД, г. Махачкала, ул. Петра I, 61.

**Редакция и издатель:**
Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколёнок» и «Литературный Дагестан».
**Адрес редакции и издателя:**
367000, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

**Электронный адрес редакции:**
litdag@mail.ru

Аварский язык

Индекс: на год – 63277,
на полугодие – ПМ999.

Цена свободная.